

Legüm

nou kiltive l !

nou manje l !

Estrateji komunikasyon pou jaden legim

nan lekòl

Bernade Leonidas

Otè

Bernade Leonidas

Kominikatè estratejis

bernaeleonidas@blproperties.se

www.blproperties.se

Tout dwa rezève pou otè liv la.

Novanm 2022

Foto paj kouvèti : Mark Stebnicki

Revizyon : MIT-Ayiti (2022)



Remèsiman espesyal

pou tout ekip MIT-Ayiti a — pou travay editing, revizyon ak miz an paj.

TAB KONTNI

1. Entwodiksyon	7
2. A-K-D-En-An-B-P-A (piblik)	9
3. Yon pwojè jaden lekòl ta dwe genyen senk (5) gwoup prensipal kòm piblik	10
5. Konsyans.....	12
7. Pataje espryans ou	16
8. Planifye yon estrateji.....	18
9. Pran angajman ak sante ou	19
10. Postè nan sal klas la.....	20
Referans.....	23

Kiyès ki Bernade ?

Bernade Leonidas se yon jèn fanm ki soti Pòtoprens, kapital peyi d Ayiti. Li fè etid primè ak segondè ann Ayiti. Apre sa, li kite peyi a pou l ale nan peyi Lasyèd. Se la li fè etid inivèsité nan domèn komunikasyon. Depi plis pase 17 lane, l ap viv nan peyi sa a ; men, Ayiti toujou rete nan nanm li.

Bernade grandi avèk grann li ansanm ak gran frè li nan komin Dèlma. Rèv li se pou l rive patisipe nan devlòpman peyi l tout jan l kapab. Li ta renmen wè peyi a gen yon lòt imaj nan monn lan.

Bernade travay nan plizyè òganizasyon nan peyi Lasyèd. Òganizasyon sa yo reyalize anpil pwojè ann Ayiti.

Liv sa a se yon fason pou l bay bourad nan konbit pou n kreye yon lòt Ayiti :

- yon Ayiti kote Ayisyen pa bezwen gen lide kite peyi yo pou y al chache yon chimen miyò deyò ;
- yon Ayiti kote tout Ayisyen konnen ki jan pou yo kiltive pwòp manje yo ;
- yon Ayiti kote tout Ayisyen ka konprann ke lakay pi bon ;
- yon Ayiti kote tout Ayisyen ka konprann enpòtans agrikilti.

Enpòtan !

Liv sa se pou moun ki nan domèn edikasyon. Estrateji ak metòd ki nan liv la
mande yon nivo akademik nan domèn komunikasyon.

Elèv yo santi yon sans akonplisman lè yo ka kiltive pwòp legim pa yo e lè yo ka pataje kontantman yo nan lekòl yo ansanm ak kominote a.



Entwodiksyon

Gen yon pwovèb ki di :

« Bay yon moun yon pwason, I ap manje pou yon jou. Men, montre yon moun ki jan pou li kenbe pwòp pwason li, I ava manje pou yon etènité ».

1.1. Ki jan jaden lekòl ou a ap grandi ?

Yon jaden legim nan lekòl ofri anpil posiblite aprantisaj pou elèv yo ak manm kominote a.

Jaden lekòl sa yo se sous nitrisyon vejetal pou amelyore rejim alimantè ak sante elèv yo. Jaden lekòl ajoute enterè ak pwofondè pou lesyon yo, li bay yon espas vèt nan sòl lekòl la, epi li angaje kominote a plis nan aktivite lekòl la.

Pou asire w pwogram jaden lekòl ou a ap grandi pou l rive pote fwi, ou bezwen kenbe elèv yo entèrese epi fè kominote a konnen ki sa w ap reyalize. Li ta bon pou w pran yon ti tan pou planifye yon plan estrateji kominikasyon pou w pataje pwogrè w avèk lòt moun nan kominote a.

Yon bon estrateji kominikasyon chita sou twa (3) konsèp senp :

- Objektif : Ki sa ou vle reyalize ?
- Piblik oswa gwoup sib : Ki moun ou vle touche ak mesaj la ?
- Benefis : Ki jan moun yo pral benefisyé de enfòmasyon an ?

Anpil zouti ak teknik kapab itilize pou konsyantize ak sansibilize moun yo, ankouraje patisipasyon yo epi ranfòse kapasite yo. Men, pa gen okenn konbinezon mesaj ak metòd ki ka garanti reyisit yon estrateji kominikasyon.

Jis kenbe konsèp sa yo nan lespri w menm jan ou devlope estrateji yo pou fè pwomosyon pou jaden lekòl ou a, epi w ap sou yon bon wout pou w angaje enterè piblik ou a.

1.2. Etabli yon objektif, kòmanse nan fen an

Avan ou kòmanse ak jaden lekòl ou a, gen tan imagine nan tèt ou ki jan ou vle li.

Pran egzanp sa yo :

- Se yon bèle jaden vèt ki kapab atire moun nan lekòl la.
- Elèv yo ap pwofite patisipe nan fabrikasyon konesans dapre metòd aprantisaj aktif sou tematik kiltive plant, pwodui manje epi amelyore sante yo.
- Elèv yo ap manje plis legim.

Konsantre sou imaj sa a epi devlope fraz objektif la nan sèlman kèk mo pou l ka byen kout, tankou :

« Elèv nou yo pral kiltive pwòp legim pa yo ».

oswa

« Jaden legim nan lekòl pral amelyore sante ak konesans elèv yo ».

Kite objektif la dirije tout aksyon komunikasyon w yo ki gen rapò ak efò jaden an ; epi w ap kapab devlope yon apwòch espesifik pou chak kategori moun estrateji a vle touche.

2. A-K-D-En-An-B-P-A (piblik)

A Analiz : Ki moun ou bezwen mesaj ou a atenn ?

K Konpreyansyon : Ki konesans piblik la deja genyen sou sijè a ?

D Demografik : Ki laj yo ? Èske yo idantifye tèt yo kòm fi oswa gason oswa yon lòt fason ? Ki nivo edikasyon yo ? e latriye...

En Enterè : Pou ki sa yo ta renmen tandem, gade oswa li mesaj ou a ?

An Anviwònman : Ki kote mesaj sa a pral pataje oswa ki kote y ap wè I ?

B Bezwen : Ki bezwen piblik la genyen konsènan sijè a ?

P Pèsonalizasyon : Ki nesesite ak ki enterè pou w adrese yon gwoup sib ki espesifik ?

A Atant : Ki sa piblik la espere aprann ?

Nan pwojè jaden lekòl ou a, pral gen anpil opòtinite pou w pataje enfòmasyon ak diferan gwoup entèvenan oswa diferan piblik ki konsène.

Mesaj ou yo, sou fason w fè jaden ak avantaj li bay nan aspè nitrisyon, ap diferan. Sa pral depann de piblik w ap vize a.

Panse ki jan ou pral fè mesaj la pase.

Men kèk pwen ou ka pran :

- Ki sa yon jaden lekòl ye e pou ki sa li enpòtan ?
- Ki mòd enfòmasyon yo pral bezwen kreye epi kenbe ?
- Èske se pou yo manje plis legim ?
- Swiv A-K-D-En-An-B-P-A (piblik) ou a.
- Detaye enfòmasyon w yo bay piblik ou a.
- Sonje divès aktè ap bezwen konesans ki diferan.
- Sa depann de enterè yo, nivo edikasyon yo, atant yo e latriye.

3.Yon pwojè jaden lekòl ta dwe genyen senk (5) gwoup prensipal kòm piblik

Elèv yo : Espere anpil kesyon ! Elèv yo pral bezwen konnen pou ki sa lekòl la ap kreye yon jaden, pou ki sa yo mande yo pou yo patisipe, konbyen efò ak tan y ap bezwen nan men yo, epi ki sa yo pral jwenn nan fè jaden. (Yon lòt klas ? Legim fre ? Dejene ? Yon okazyon pou yo pran plezi ak zanmi yo deyò sal klas la ?) Kreye yon sans kamaradri ak kominate alantou jaden an epi elèv yo pral kòmanse konsidere I tankou yon aktivite espesyal. Yo pral vle antre ladan I.

Paran yo : Yo bezwen gen asirans ke ti moun yo pral benefisye de aktivite jaden an, epi sa p ap kreye konfli ak lòt matyè yo. Yo ka bezwen konnen kouman rekòt la pral sèvi lekòl la : Èske sa pral bay manje nan kantin lekòl la oswa èske sa pral antre nan biznis pou mete kòb nan kès lekòl la ? Esplike paran yo rezon ki fè lekòl la ap lanse pwojè sa a pami ti moun yo. Paran yo ka aprann nan men ti moun yo ; konsidere kòman ou ede jèn jadinye lekòl ou a « pote lesion lakay » pou angaje paran yo.



Kolèg : Pwofesè parèy ou yo, administratè lekòl la ak Ministè edikasyon nasyonal se aktè prensipal ki dwe kore epi konseye lidèchip pwojè a. Kenbe yo enfòme sou pwogrè jaden lekòl ou a. Chache konnen opinyon yo epi fason pou itilize jaden an pou konekte kolèg yo atravè matyè y ap anseye a.



Kominote : Moun k ap viv nan kominote a oswa nan vwazinaj lekòl la ka bezwen konnen pi plis sou novo aktivite sa a nan lekòl la. Ki donk ou ka envite publik la vin kole zepòl ak lekòl ou a nan chache amelyore nitrisyon ak sante. Brase lide ak kiltivatè yo nan zòn lan, otorite lokal yo, klinik sante yo, machann manje yo, òganizasyon non gouvènmantal (« ONG ») yo ak kominote a. Yo ka bezwen bay ekspètiz pa yo tou pou jaden an ka tounen yon zouti aprantisaj pou tout rès kominote a.

Medya : Jounal lokal, estasyon radyo ak televizyon ka ede w gaye mesaj la si w bayo nouvèl enfòmasyon, ki entèresan epi ki a lè ; medya sou entènèt (Wèb / Rezo sosyal dijital yo) ka elaji aktivite jaden w lan nan monn lan. Mete medya nan estrateji komunikasyon w lan, men, sa pa yon garanti w ap atenn objektif ou. Sonje tou medya yo ka absòbe atansyon piblik ou a yon fason ki negatif.

4. Devlope mesaj ou a

Ou bezwen devlope mesaj ki kapab touche kè ak lespri e ki ka deklannche enterè pillik la. Pou devlope yon mesaj ki fò e ki konvenkan, panse ki avantaj yon jaden lekòl ka bay chak gwooup nan piblik wap vize a. Konsantre sou ki sa lekòl jaden fè.



Bay jaden lekòl ou a yon idantite.

Kreye yon maskòt. Maskòt la ka sèvi nan postè ak pano, rad ak lòt bagay.

Nou ka fè maskòt la abiye tankou nenpòt legim pou evènman espesyal nan lekòl la.

5. Konsyans

Gen anpil metòd ak zouti nou ka itilize pou reponn kesyon yo, kreye kanpay konsyantizasyon epi jenere enterè sou jaden lekòl ou a.

Men kèk ladan yo :

- Jounen jaden lekòl : Planifye yon evènman espesyal pou lanse jaden an. Envite otorite lokal, paran ak kiltivatè pou yo patisipe ak elèv yo nan yon seremoni inogirasyon.

Ankouraje yo plante kèk semans oswa plante avèk elèv yo.

Pran foto epi afiche yo nan alantou lekòl la.

Kontakte jounal lokal yo oswa estasyon radyo yo.

Sonje kominote entènasyonal la tou.

Asire w ke w pataje imaj ou yo avèk kominote nan zòn kote jaden an ye a.

- Fè tout lekòl la konnen patisipan yo. Bay ekip jaden w lan kepi, riban, bwòch, mayo, vès, foulà oswa kèk lòt objè pou kreye yon idantite. Gen plizyè fason nou ka chache mwayen pou materyèl pwofesyonèl yo. Nou ka pale de pwojè a ak otorite nan zòn kote pwojè a ap fèt la pou yo ka ba nou èd finansyè. Nou ka chache èd sou rezo sosyal yo tankou Facebook, Tik Tok, YouTube e latriye. Nou ka kreye yon GoFundMe kote nou ka pale an detay de pwojè a epi bay bon enfòmasyon sou ki jan e koman èd y ap bay la ap enpòtan pou pwojè a e ki sa nou pral fè ak kòb y ap bay la.

- Maskòt : Fè elèv yo kreye yon imaj ki amizan kòm senbòl pou jaden an. Itilize maskòt la nan pano yo. Fè yon kostim maskòt epi mande elèv yo pou pote l nan evènman lekòl la.
- Pano : Kreye yon pano byenveni pou jaden an. Fè elèv yo fè rechèch epi prepare pano pou idantifye diferan legim ki plante nan jaden an. Mande yo note sa ki fè kèk legim patikilye bon pou lasante. Pa egzanp, vitamin A (tankou : kawòt, tomat, joumou, mango e latriye) bon pou je.
- Anonse li : Lè direksyon lekòl la ap fè anons, bay enfòmasyon sou jan jaden an ap avanse. Pale de legim ki nan sezon yo. Sonje di pou ki sa legim bon epi esplike enpòtans legim nan sa nou manje. Itilize opòtinite sa a pou w pale sou nitrisyon.
- Ki sa mwen manje ? Si legim nan jaden lekòl yo sèvi nan kantin lekòl la, mete yon pano ki di ki kote manje a soti. Kon sa elèv yo ap konnen kote manje yo soti epi ki moun ki te responsab pou kiltive yo.
- Vizit jaden yo : Ankouraje elèv k ap patisipe yo pou yo gide kamarad yo nan alantou jaden an, epi pale sou kouman legim yo bon pou lasante epi kouman yon jaden bon anpil pou anviwònman an. Òganize yon vizit gide pou elèv, paran ak lòt manm nan kominate a.
- Zanmi kiltivate yo : Envite kiltivate lokal yo enspekte jaden an oswa anseye elèv yo yon metòd espesifik pou fè jaden.

- Prepare manje : Envite yon moun ki fò nan fè manje lokal vin nan lekòl ou a epi montre jan yo prepare pla legim ki bon pou lasante pandan y ap itilize legim ki soti nan jaden lekòl la.

6. Ankourajman

- Konpetisyon bay angouman ak plezi nan aktivite tou lè jou. Etabli kèk konpetisyon ki baze sou aktivite jaden an.
- Konpetisyon fè manje : Fè diferan gwoup elèv prepare yon senp pla legim pou yon ti goute nan klas la. Chak moun ap goute epi vote pou pla legim ki fè yo plezi a. Lekòl la a va pibliye resèt sa yo ki genyen konpetisyon an nan yon ti liv.
- Kiltive gwo fwi ak gwo legim : Bay elèv jadinye yo yon chans pou yo montre sa yo rekòlte nan jaden yo.

Mezire fwi yo selon gwosè ak pwa yo. Mete pi gwo legim yo nan yon afich pou tout moun ka wè yo epi bay pwodiktè yo prim ak sètifikasi oswa lòt rekonesans.

- Parad atistik : Enplike elèv yo nan aktivite tankou desen jaden ak kèk lòt travay atistik. Afiche desen yo nan alantou lekòl la sou yon pankat espesyal.

- Mizik : Ankouraje elèv yo fè mizik. Mande yo ekri epi chante yon chan ki pou enspire piblik la sou jaden legim nan lekòl. Ankouraje yo pèfòme chan an lè gen yon evènman nan lekòl la. Fè videoyo si sa posib epi poste videoyo yo sou Youtube. (Pa blyie mande paran elèv yo pèmisyon avan ou pibliye videoyo evènman an sou Youtube)

7. Pataje espryans ou

Mete foto, istwa, videoyo ak lòt materyèl sou sit wèb lekòl la.

Èske lekòl ou gen yon sit entènèt oswa yon blòg ? Pataje kèk foto jaden lekòl la. Mande elèv ou yo pou ekri yon ti istwa tou kout sou espryans yo nan jaden an.

Fè lyezon avèk lòt jadinye nan peyi a ak lòt bò dlo sou Facebook ak lòt rezo sosyal yo. Fè rechèch sou « jaden lekòl » sou Google epi gade ki sa w ap jwenn !



8. Planifye yon estrateji

Fè plan aktivite komunikasyon w lan apre ou fin gen ide sou publik ou ta renmen atenn lan, epi ki jan ou pral atenn li.

Kat estratejik ki nan paj 17 la montre yon senp estrateji pou kominike aktivite jaden lekòl yo.

Men bagay pou konsidere lè w ap planifye yon estrateji komunikasyon

- **Piblik** : Ki moun oswa ki gwooup moun ?
- **Objektif / Nesesite** : Ki sa estrateji a vle akonpli ?
- **Mesaj** : Ki sa mesaj la ye ?
- **Metòd** : Ki jan ou pral transmèt mesaj la ?
- **Dire** : Ki lè mesaj la ap kòmanse epi fini ?
- **Kiyès ki responsab** : Kiyès ki pral fè efò komunikasyon an ?
- **Bidjè** : Konbyen sa ap koute ?

Itilize kat estrateji imaj nan paj 17 la pou w kòmanse planifye aktivite komunikasyon pou lanse jaden legim nan lekòl ou a.

Echantillon : Kominikasyon ak pwomosyon stratejik pou jaden lekòl

Piblik : Ki moun oswa yon gwoup moun ?	Objektif / Nesesite : Ki sa estrateji a vle akonpli ?	Mesaj : Ki sa mesaj la ye ?	Metòd : Ki jan ou pral transmèt mesaj la ?	Dire : Ki lè mesaj la ap kòmanse epi fini ?	Kiyès ki responsab : Kiyès ki pral fè efò kominikasyon an ?	Bidjè : Konbyen sa ap koute ?

9. Pran angajman ak sante ou

Pran angajman pou chanje se premye etap nan chanje konpòtman. Echantillon sa a, kat angajman ki anba a, ou ka repwodui l kòm yon pati nan kominikasyon jaden lekòl ou a pou fè kontak ak elèv yo. Distribye kat yo, mande elèv yo pou yo siyen kat yo, epi mete kat yo nan yon espas ki byen vizib nan klas la.

Pandan elèv yo ap chante angajman an, y ap fè tèt yo pwomès ke yo konnen y ap ka kenbe.

Afiche kat angajman yo pou tout moun wè epi ankouraje moun ki te siyen yo pou yo kenbe pwomès yo. Kòm kat angajman yo ka entèrese fanmi elèv yo tou, lekò la ava voye kat yo lakay elèv yo tou.

10. Postè nan sal klas la

Echantyon postè ki senp ka adapte pou itilize nan sal klas.

Kenbe mesaj la senp epi dirèk.

Pou yon pi gwo enpak, itilize foto elèv pa w yo k ap manje legim epi k ap lave men yo.

Men, li t ap pi bon si w ta jwenn elèv ki fè pwòp postè yo oswa pwòp desen yo pou yo pandye yo nan klas la pou ranfòse mesaj enpòtan yo sou manje legim, sou jaden ak sou iijyèn.

PRAN ANGAJMAN

Mwen pwomèt pou mwen
manje legim !



Mwen pwomèt pou mwen
lave men m avan mwen
manje !

Dat

Non m




Ankouraje elèv yo pou yo desine oswa pentire pwòp postè pa yo sou jaden lekòl ak aktivite lave men yo.



LAVE MEN W !

KI SA OU POTE NAN JADEN OU A KÒM MANJE MIDI ?



Referans

Foto : Pwojè « *jaden ale lekòl* »

(Vallières, Ayiti 2017–2018)

#LegimNouKiltiveLNouManjeL

2022